Казбек районалъул газета

# Чапар

Вестник

12+ № 25 (98930) 2 июль 2021 с / Рузман 22 Зуль-къагIида 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




***Уважаемые сотрудники и ветераны Государственной инспекции безопасности дорожного движения!***

**Примите искренние поздравления с вашим профессиональным праздником!**

Уже на протяжении многих лет, вы решаете сложные задачи по обеспечению дорожной безопасности, правопорядка, сохранения жизни и здоровья людей.

Вы работаете на одном из трудных направлений охраны общественного порядка. Ежедневно вы делаете все возможное для снижения аварийности, первыми приходите на помощь попавшим в беду на дороге. Круглосуточно неся нелегкую, требующую постоянного напряжения и бдительности службу, вы проявляете высокий профессионализм и мужество.

Благополучие граждан, их спокойствие и безопасность – важнейшее направление вашей деятельности.

Уверен, что вы и впредь будете с честью выполнять свой профессиональный долг, надёжно поддерживая порядок на дорогах, а число дисциплинированных участников дорожного движения, благодаря вашей работе, будет только увеличиваться!

В этот праздничный день желаем всем вам крепкого здоровья, счастья, душевных и физических сил, жизненных и трудовых успехов. Мира, добра, благополучия вам и вашим семьям!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ**

*Районалъул администрациялда*

## Аппараталъул данделъи тIобитIана

29 июналда тIобитIараб аппараталъул данделъиялда гIахьаллъана - районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И. И. Шабазов, З. Н. Эмеев, Б. С. Нуцалов, отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва росабазул администрациябазул бутIрул.




Данделъиялъул байбихьиялда, ТIолгороссиялъул рагъулгун захIматалъул, рагъулал къуватазул, ихтиярал цIуниялъул органазул ветераназул Дагъистаналда бугеб жамгIияб гIуцIиялъул президиумалъул рахъалдасан, ветераназул багъа -бачариялъулъ гьабураб жигараб гIахьаллъиялъухъ, гIолеб гIелалъе рухIиябгун адаб-хатиралъул, захIматалъул тарбия кьеялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъухъ, медалаздалъун, гьенир кIодо гьаруна- М.- р. МахIамаев, И. Булатханов, З. Чалухов, К. Лабазанов ва ГI.- к. ГIабасов.

БакIал раязда сверухъ халкквеялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул баян кьеялда архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХI. ХIадаевас абуна: «Буголъиялъул, ракьул суалазул гьоркьорлъабазул отделгун цадахъ, районалъул росабалъ ругел киналниги ралел бакIазул хал гьабулеб ва, хасго, кIудияб кIвар нижеца буссинабулеб буго Дилим росулъ ругезде, щайгуре- лъул, бищунго цIикIкIараб къадар гьезул гьениб бугелъул.

Узухъда, тIоцебесеб иргаялда, нижеца хал гьабула ралел бакIазулгун ракьул документал рукIиналъул. Гьедин, гьал къояз нижеца хал гьабуна басрияб ЦIобокь бугеб ахIвал- хIалалъул. Нижеда гIемер ратана гIезегIанго гIадлу- низам хвезабиялъул хIужаби (гьенир ран руго заманалъе бакIал, гьелги санитариялгун цогидал къагIидабиги хвезарун»,- ан.

Муниципалияб буголъиялъулгун ракьул гьоркьорлъабазул отделалъул начальник М. Эмеевас жиндирго докладалда тIадчIей гьабуна ракь х1алт1изабиялъул документазул ва гьеб, бихьизабиялда рекъон, хIалтIизабиялда хадуб, бакIалдеги щун, хал гьабулеб букIиналда ва хал гьабиялда гIадлу- низам хвезабиялъул хIужаби ратулел рукIиналда.

**«Нижеца хал гьабураб 20 объекталъул 8 объект бугоан низам цIуничIеллъун»,-** ан абуна гьес.

Информация кьеялда сверухъ хIалтIи гIуцIиялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана ЕИЦалъе нухмалъулей Н. Качалаевалъ.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазда сверухъ гьабураб хIалтIи ХI.Мусаевас гIей гьечIеблъун рикIкIана ва, гьезда хурхун, бадичIваял гьаруна. Гьес абуна: «**Кьурал тIадкъаязда хадуб цIикIкIараб халкквей букIине буго ва гьабулеб хIалтIи ахиралде щвезабиялде кIвар кьезе ккола»,-** ян.

## Районалъул оперативияб штабалда…




Ахирияб заманалда цIидасан коронавирус унти тIибитIулеб букIиналдеги балагъун, гьеб тIибитIунгутIиялъе районалда гIуцIараб штабалъул хIукму нижеца бахъун букIана «Чапар» газеталда (№ 24, 2 гьум.).

Гьенир рихьизарурал гIорхъиял чIезариялда тIаде, гьебго штабалъ, 29 июналда тIобитIараб данделъиялда къотIи гьабуна, унти хIалуцунеб букIин хIисабалдеги босун, гьелде гьоркьоре росабазул администрацияби, жамгIиял гIуцIаби ва диниял хIаракатчагIиги рачун, жеги тIадеги гIорхъиял чIезариялъе тадбирал тIоритIизе.

Гьедин, гIемерал гIадамал данде ракIарулел- бертаби, тазиятал, рузманал ва гь.ц. (заманалъ) гьукъизе. Вакцинация гьабизе гIадамал ахIи, хасго 65 соналдасa тIаде гIумру бугел, чорхолъа ратIалъуларел унтаби ва пачалихъиял хъулухъазда ругел, гучлъизабизе.

Цебего гIадин, учреждениябаздагун организациябазда чIезаризе температура борциналъе, кверазе ва помещениябазе дезинфекция гьабиялъе шартIал. Коронавирус бахун букIиналъул гIаламатал тIатарал халгьабиялде ритIизе. Къокъгьабун абуни, араб соналъго унтиялдаса цIуниялъе рихьизарун рукIарал тадбирал цIи гьаризе.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

*Ниж - терроризмалде данде*

## АТКялъул комиссиялда…

Лъалеб букIахъе, нилъер районалда бугеб терроризмалде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул данделъаби гIемер тIоритIула (гьезда гьоркьор- иргадулал гурелги). Гьел тIоритIиялъе гIиллаби лъаларел гIадамазул къадарги цIикIкIараб батуларо. Щай абуни, нилъеда, щибаб къойил абухъе, рагIуна рахъ-рахъазда балагьал лъугьа- бахъинал ккеялъул ва гьезул хIасилалда ккарал заралазул х1акъикъат.

Ахирияб заманалда терроризм «гIолохъанлъулеб» буго. Гьебги хIисабалде босун, дагьал цeрегIан къояз тIобитIана рехсараб комиссиялъул иргадулаб гуреб данделъи.




Гьениб хал гьабиялде босун букIана **«ГIолилал терроризмалде гьоркьоре цIаялде дандечIеялъе гьабулеб хIалтIи»** абураб суал. Гьелъ кьола гьеб суалалде бугеб кIваралъул баян.

Гьебго комиссиялъ 30 июналда тIобитIараб данделъиялъул хал гьабиялде росун рукIана ихтиярал цIуниялъулгун бакIазул гIуцIабаз ГIагараб Бакъбаккул бакIаздаса рачIарал лъимал рахчуда ругел терроризмалъул группабазде гьоркьоре риччангутIиялъе гьарулел ишазул, терроризмалъул идеологиялде гьоркьоре ккаралгун гьабулеб хIалтIул, лъималазе хIухьбахъиялъе шартIал чIезариялъул, планалде росарал ишал нухда тIоритIиялъул ва гьел тIураялда хурхарал суалал.

Рехсарал суалазда тIасан кIалъаял гьаруна- ГIалхан Халидовас (ОМВДялъул начальник), Икрамудин Салимхановас («Чапар» газеталъул редактор), Мух1амадрасул МахIамаевас (лъайкьеялъул Управлениялъул начальник), ва Х1ажи ХIажиевас (Калининаул росдал администрациялъул бетIер).

Гьез гьениб бицана терроризмалде дандечIеялъе гьабулеб бугеб хIалтIул, ккарал хIасилазул ва дандчIвалел захIмалъабазул.

ТIолалго кIалъаязухъги гIинтIамун, хал гьабиялде росарал суалазда тIасан комиссиялъ рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

**И. САЛИМХАНОВ**

*3 июль-ГИБДДялъул (ГАИ) хIалтIухъанасул къо!*

# НУХАЗДА ХIИНКЪИГЬЕЧIОЛЪИ ЦIУНИЯЛЪУЛ ХЪАРАВУЛЗАБИ

*ХIурматиял нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул пачалихъияб инспекциялъул хIалтIухъаби! Сордо-къоялъул батIалъи гьечIого, багIарараб бакъукьги, балеб цIадакьги, гIазукьги нужеца нухазда гIадлу-низам цIуниялъул хIалтIи тIубазабула, квербакъула, гьоркьобкъотIи гьечIого, нухазда автотранспорт хьвадиялъе, аварияби гьукъиялъе ва хIажалъи ккаралъуре иналъе. Нуж ккола нухаздасан хьвадулезул гIумру ва сахлъи цIуниялъул хъаравулзабилъунги. Гьарула нужее хIалтIулъ гIодобе биччараб ахIвал-хIал, сахлъи, талихI ва тавпикъ хадубккунги нужерго намусги районалъул цIарги бацIцIадго цIунизе!*



**Тимур Тулпарович Чигаев**

(полициялъул майор) гьавуна1981 соналъ Пермь шагьаралда. Гьоркьохъеб лъай щун хадув гьев армиялде ана. Гьелдаса хадув Тимур лъугьана Краснодар шагьаралъул МВДялъул институталде.

ЗахIматалъул нухде лъугьарал соназго, Тимурица живго вихьизавуна тIаде босараб иш тIубазабулев, жавабияв ва ракIбацIцIадав хIалтIухъанлъун вукIин.

2003 соналдасан байбихьун, гьев хIалтIана батIи-батIиял хъулухъазда-Хасавюрт шагьаралъул ИВСалда дежурныйлъун, МахIачхъалаялъул ДПСалъул инспекторлъун ва цогидалги бакIазда.

2019 соналдаса байбихьун, Т. Чигаев нилъер районалъул ГАИялъул начальниклъун хIалтIулев вуго.

Тимурица ракIбацIцIадго, тIадкъараб хIалтIи тIубазабулеб букIин бихьизабула гьесие щварал 3 ва 2 даражаялъул **«Хъулъухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ»** абурал медалаз ва, гьединго, ХIурматалъул грамотабазгун гIарцулал шапакъатаз.

РакIбацIцIадав хIалтIухъан гуревги, жинца нухмалъулеб ва гъункараб коллективалъе Тимур ккола къо ккаралъув ватулев, кумекалъе хIадурав гьудуллъунги. РакIалде ккола Т. Чигаевас нухмалъи гьабулеб коллективалъ жидеда тIадкъарал ишал хадубккунги тIадегIанаб даражаялда тIуразарилин.



**Арсланбег Зайнутдинович Арсланханов**

(полициялъул сержант) гьавуна 1998 соналъ Хасавюрт шагьаралда. 2015 соналъ Арсланбегица лъугIизабуна Дилим росдал гимназия. 2017 соналъ захIматалъул нухде гьес гали тIамуна МВДялъул отделалда хIалтIизе байбихьиялдасан.

Цадахъ хIалтIулезул рагIабазда рекъон, А. Асланханов ккола гIодобе биччараб, сабруяб ва ритIухъаб гIамалалъул инсанлъун. Гьес, жанисел ишазул органазда хIалтIизе лъугьаралдаса, живго вихьизавуна хIалтIи бокьулев ва жавабчилъи цIикIкIарав хIалтIухъанлъун вукIин. Гьеб гьедин букIин бихьизабула гьесие щварал ХIурматалъул грамотабазгун шапакъатаз.



**МухIамад-СагIид Аюбович Алхуватов**

(полициялъул сержант) гьавуна 1992 соналъ Калининаул росулъ.

МухIамад-СагIидил гьитIинаб мехалъго букIана анищ полициялъул мухъилъе лъугьине.

2015 соналъ гьесул гьеб анищ тIубана. МухIамад-СагIид жанисел ишазул органазда хIалтIизе лъугьана. 2017 соналдаса гьев хIалтIулев вуго ДПСалъул инспекторлъун.

М. Алхуватовас жавабчилъигун ва бажариялда тIубазабула жинда тIадкъараб хIалтIи. РакIбацIцIадав хIалтIухъанлъун гуревги, гьев ккола цадахъ хIалтIулезе божарав гьудуллъунги гIадамазулгун рагIи данде ккезабун бажарулев инспекторлъунги.

РакIбацIцIадаб хIалтIухъ МухIамад-СагIид цо чанго нухалда мустахIикълъана Дагъистаналъул жанисел ишазул министерствоялъул ва районалъул отделалъул шапакъатазе.

***"ГIайиб ккарал транспорталъул бетIергьабазда протоколал гьари, гьел тамихIалде цIай, квешлъиялъе гьабулеблъун ккезе бегьуларо, гьеб нижер мурадги гуро. Мурад буго транспорталда хьвадулезул сахлъиялъе ва гIумруялъе хIинкъигьечIолъи букIинаби. Гьединлъидал, киназдаго гьари буго нухазда берцин хьвадиялъул къагIидаби цIунеян. КIочон тоге, рукъор нужехъ ралагьун чIарал лъимал, хъизаби рукIин",*** -ан абураб пикру буго гьел хIалтIухъабазул



**АсхIабгIали МухIамадович Адуев**

(полициялъул лейтенант) гьавуна 1977 соналъ Гуни росулъ. ГIагараб росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, гьев цIализе лъугьана росдал магIишаталъул академиялде. ТIоцебе АсхIабгIалица захIматалъул нухде гали тIамуна росдал **«ЦIияб гIумру»** СПКялда хIалтIизе лъугьиналдалъун.

2005 соналъ А. Адуев хIалтIизе лъугьана ОМВДялъул мухъилъе. ХIалтIул тIоцересел къояздаса байбихьун, гьес тIадкъараб иш ракIбацIцIадго ва жавабчилъиялда тIубазабуна.

А. Адуевасул хIурмат гьабула цадахъ хIалтIулез, росуцояз ва гьев лъалез. ГIадамазулгун рагIи рекъезабун бажарулевлъун, махсаро-хочI бокьулевлъун ва гьеб бичIчIуневлъун лъала гьев гIадамазда.

Киназдаго лъала нухда хъулухъ гьабиялъул (ДПС) хIалтIухъабазул хIалтIул захIмалъи. Гьава-бакъалъул рекъеялъухъ балагьичIого, цо чанго сагIаталъ гьел нухда эхетизе ккола. Гьединго, гьез батIи-батIияб гIамал-хасияталъул гIадамалгун дандчIваязда гьезда рекъараб гара-чIвари гьабизе ккола. Гьебго заманалда, гьезда тIадаб буго законалде данде кколарел ишал гьарулел тамихIалде цIазеги.

Бажаризабун ва тIокIлъиялда гьес хIалтIи гьабулеб букIиналъе нугIлъи гьабула **«ТIадаб налъиялъе ритIухълъиялъухъ»**, **«Хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ»** медалаз, ХIурматалъул грамотабаз, Баркалаялъул кагътаз ва цогидалги шапакъатаз.

Гьединго, АсхIабгIали ккола рагъулал тунка-хIусиялъул ветеранлъунги.

*А. ДИБИРОВА*

# Росдал магIишат цебетIезаби мурадалда...

23 июналда районалъул администрациялда тIобитIараб семинар-совещаниялда гIахьаллъана-республикаялъул агропромышленниябгун комплексниябгун Централъул вакилзаби, МР **«Казбековский район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместитель З. Эмеев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. Гъирисханов, АПК цебетIезабиялъе, минсельхозпродалъул жамгIияб Советалъе, АПКялда хIалтIулезул махщел борхизабиялъул институталъе нухмалъулел: М. Лосев, В. Казибеков ва Т. Байбулатов, бухгалтериялъул хIисабгьабиялъулгун аудиталъул факультеталъе нухмалъулей Д. Имашева ва нилъер районалъул УСХялъул хIалтIухъаби.

Гьеб данделъи тIобитIиялъе гIиллалъун букIана росдал магIишат цебетIезабиялда тIад хIалтIулезе пачалихъалъ гьабулеб кумекалъул хIакъалъулъ гIадамазда лъазаби (грантазул, субсидиязул, росдал магIишаталда гIумру хурхинабуразул, лъайкьеялъул ва гь.ц.).

Жиндирго кIалъаялда М. Лосевас гьениб бицана росдал магIишаталда хIалтIизе байбихьаразул, гьенир церегоялдаса хIалтIулезул пачалихъалъ рахъкколеб букIиналъул. Гьес хасаб тIадчIей гьабуна росабалъ кооперация (цогоял яги цоцазда рухьарал батIи-батIиял хIалтIаби гьарулел гIадамазул захIмат гIуцIиялъул хасаб къагIида) цебетIезабиялда.

**«Нилъер бакIазда гьечIо чIахIиял агропромышленниял комплексал гIуцIиялъе, багьаяб техника ва цоги хIажатаб босиялъе, тIощел цIуниялъе кIудияб бакIал раялъе ресал, гьелъ, хIажат буго кооперациял гIуцIизе ва ниж хIадурал руго гьел гIуцIизе кумек гьабизе »,**-ян абуна М. Лосевас.

КIалъаялъул ахиралда гьес данделъиялда гIахьаллъаразул суалазе жавабал кьуна. Лъалеб букIахъе, росдал магIишаталъул специалистал нилъер республикаялда гIолел гьечIо. Гьеб суалалда сверухъ гьабулеб хIалтIул гьениб бицана Д. Имашевалъ. Гьелъ абуна: **«Ниж хIадурал руго, чIобого, росдал магIишаталъул специалистал хIадуризе, гьезие яшавалъе бакIал чIезаризе. КФХязе нухмалъулел дица ахIула жидерго хIалтIухъаби цIализе ритIиялде»**,-ян.

ДандчIваялдаса хадуб ккараб гара-чIвариялда Т. Байбулатовас гьениб бицана росдал магIишаталъул институталде рачIарал гIадамазе цIализе чIезарун ругел шартIазул, санагIалъабазул ва ресазул.

**«ГIелму цо бакIалда чIун букIунаро, гьелъ, гьелда хадургъеялда тIад хIалтIулел гьечIони, цебетIей букIунаро. ГьабсагIаталда гьеб рахъалъ нилъер республикаялда лъикIаб ахIвал-хIал гьечIо, хIажат буго, росдал магIишаталда цебетIей бокьани, махщел цIикIкIинабиялъул курсалгун «гьудуллъи» ккевзе. Гьеб рахъалъ нижер цIалул заведение ккола республикаялда цохIогояблъун»**,-ан.

*Пресслужба*

*Росдал магIишаталда*

## ХIалухъин бакIаризе байбихьана



Дагъал церегIан къояз нилъер районалъул магIишатазда хаслихъе культураби ракIари ва рагIи-хер хIадур гьаби байбихьана. Росдал магIишаталъул Управлениялде росабазул магIишатаз рачIарал баяназда рекъон, хаслихъе культураби (ролъ ва пурчIина) рекьизе планалда бихьизабун букIана 1990 гектар, амма бекьун букIана 2010 гектар. Бищунго цIикIкIун ракь бекьарал магIишаталлъун ккола -**«Гьудуллъи»** (525 га), **«БагIараб Октябрь»** (520 га.) СПКял ва КФХял (235 га.).

Жакъа къоялде хаслихъе культураби ракIарун руго 230 гектаралдаса, гьениса бач1араб х1алухъиналъул къадар бахуна 437 тоннаялде (гьоркьохъеб хIисабалда, цо гектаралдаса бакIарун буго 19 центнер). МагIишатазул хIалтIухъабазда ракIалда буго, гьава- бакъ рекъон букIиналде балагьун, къокъаб заманалда тIощел бакIариялъулгун рагIи-хер хIадуриялъул кампанияби ахиралде щвезаризе.

*ГI. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ,
УСХялъул бетIерав агроном*

**_Армиялдаса кагътал_**

# Рагъулаб хъулухъалда яхI-намус цIунун...

Ахирияб соназ армиялда хъулухъ гьабулел гIолохъабазул умумухъе, гьезие тарбия кьурал гIуцIабазде ва гьел рагъулаб хъулухъалде ритIарал военкоматазде гIезегIанго кагътал рачIунел руго гIолохъабазе рецц-бакъ ва гьел куцаразе баркала загьир гьабурал. Гьединазул цояблъун ккола Буртунай росулъа Рустам ва Заира Мусаевазухъе бачIараб кагъатги.



Гьениб хъвалеб буго: ***ХIурматиял Рустам ХIажиевич ва Заира ХIажиевна! Нужехъе хъвалеб буго нужер вас Якъубица хъулухъ гьабулеб рагъулаб часталъул командир А. С. Базановас.***

***Якъубица, ракIбацIцIад, бажаризабун, тIубазабулеб буго жиндирго налъи. Рагъухъанасда тIадал ишал гьесда лъикI лъала (ярагъ, техника ва гь. ц.). Цадахъазулгун, командирзабазулгун рагIи рекъезабун бажарулев Якъубие, цере лъурал масъалаби тIуразе гъира букIиналъухъ ва гьел тIураялъухъ, командованиялъ цо чанго нухалда баркала загьир гьабуна ва гьев кIодо гьавуна. РакI-ракIалъулаб баркала буго нужее гьединав вас гIезавуралъухъ.***

Гьезухъего гIадинаб кагъат бачIана нилъер районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасухъеги. Гьевго А. С. Базановас ХI. ХIажиевичасухъе хъвалеб буго ХIажи Мусаевасул ракIбацIцIадаб хъулухъалъул хIакъалъулъ, (ХIажива Рустам ккола ХI. ХI. Мусаевасул вацазул васал).

**_РЕДКОЛЛЕГИЯ_**

## ЛЪИМАЛАЗЕ ЛАГЕРАЛ РАГЬАНА



Дагъал церегIан къояз культураялъул Централъул хIалтIухъаби щвана №1 Ленинаул росдал **«Рохалилаб лъимерлъиялъул улка»** абун цIар кьураб, школалда цебе гIуцIараб лъималазул лагералде. Гьеб рагьиялъул хIурматалда гьениб рохалилаб тадбирги тIобитIана.

Гьениб ЦТКНРалъе нухмалъулей Зумрат МухIамадовалъ абуна: **«Лъималазе хIухьбахъиялъе, гьединго, эркенаб заманалда гьел цIализе ва батIи-батIиял хIаял тIоритIизе шартIал чIезарун руго. Бокьун буго кIудияб баркала загьир гьабизе нилъер районалъул нухмалъиялъе Ленинаул ва ИчкIа росабалъ лъималазе хIухьбахъиялъе лъикIал шартIал чIезаруралъухъ. РакIалде ккола лъималаз гьездасан цIикIкIараб пайда босилин ва цIияб цIалул соналде лъикIаб хIухьбахъи гьабилин»,** ан.

Лъималазе рохел гIахьал гьабизелъун тадбиралде рачIарал культураялъул хIалтIухъабаз (батIи-батIиял рухIчIагольабазул сипатазда) ракIгьеялъул хIаял, кьурдаби, викторинаби ва цогидабги гьаруна.

**_Р. ГАНИЩЕВ_**

**_Инсан ва гIумру_**

# Кинофильмазул ва хъвадариялъул устар



Гьаб соналъул 9 апрелалда къватIибе биччараб «Чапар» газеталда (№13, 7 гьум.) бахъун букIана Къасбут ХIанипаевасул (дядя Коля) ирсилавлъун кколеб ИмангIалил хIакъалъулъ *«Къасбут ХIанипаевасул ирсилал»* абураб макъала. Гьенир рехсон рукIана гьесул лъималги (Пусман, Ислам ва ХIажи). Жакъа дие бицен гьабизе бокьун буго Исламил хIакъалъулъ.

Ислам ХIанипаев гьавуна 1990 соналъ МахIачхъала шагьаралда. Школа лъугIун хадусан (№ 17 гимназия), гьев лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб техническияб институталъул чIегIераб нартилгун газалъул факультеталде. Жеги школалда цIалулеб заманалдаго, Исламил рокьи бижана кинематографиялде ва гьеб, рагьун, загьирлъана студентлъун гьев вукIараб заманалда.

2011 соналъ гьес тIоцебесеб къокъабго кинофильм бахъана. *«Парцул гIучI»* абураб студентазул кинофестивалалда гIахьаллъараб гьелъие лъикIаб къиматги щвана. Хадусеб соналъ тIобитIараб гьебго фестивалалда Исламие аслияб приз кьуна.

Гьедин байбихьана гьесул режиссерасулаб хъулухъалъул цебетIей. Хадусан Исламица 10 кинофильм бахъана. Гьес бергьенлъи босана регионаздагун ТIолго Россиялда, батIи-батIияб цIаразда гьоркь, тIоритIарал кинофестивалаздаги.

Гьединго, гьев 5 нухалда гIахьаллъана Кавказалъул гIолилазул *«Машук»* форумалда ва 2017 соналъ гьесие щвана республикаялда кинематография цебетIезабиялъе грант.

2017 соналъ Исламица бахъана тIубараб кинофильм *«Система 05»*. Гьеб гьес хурхинабун букIана нилъер республикаялда тIибитIун бугеб рищватчилъиялда ва гIадамаз гьелъие лъикIаб къимат кьуна.

2019 соналъ Исламица байбихьана *«МугIалим. Тренер. Вац»* кинофильм бахъизе ва гьеб 2021 соналъ ахиралде щвезе ккола. Цо кино бахъиялде гуреб Исламица пикру буссинабун букIараб. Гьес хъвала къисаби, романал ва гь.ц. Гьел къватIире риччаялъул суал издательствабаз тIаде босун гьечIо, щай абуни, гьезул рахъ ккун, гьез бухьен гьабизе кколеб букIун буго цIар рагIарал хъвадарухъабигун. (Гьез лъикIаб къимат кьуни гурони, роман къватIибе биччалареб букIун).

2020 соналъ гьес, карантиналдаги вукIаго, хъван буго жиндирго 6-абилеб роман. *«Дун тайпа»* абун цIар тараб гьеб романгун Ислам гIахьаллъана гIолохъанал хъвадарухъабазул *«Таврида»* форумалда ва гьелъие гьенибги лъикIаб къимат кьуна.

2021 соналъ гьес гьеб битIана ХалкъалдагьоркьосеБ *«Лицей»* абураб литературияб премия кьолелъуб гIахьаллъизе. Гьениб гIахьаллъараб 1300 хIалтIиялда гьоркьоб, гьеб роман премиялъул лауреатлъун бахъана. Дагъистаналъул хъвадарухъабаз ахирияб 15 соназда жаниб гьединал бакIазда бергьенлъи босун букIинчIо. ТIехь гьаб соналъ къватIибе лъугьине буго.

Москваялъул БагIараб байданалда премияби кьолеб къоялъ Ислам Карачаево-Черкессиялде ккана. Гьев гIахьаллъулев вукIана Северияб Кавказалъул кинофорумалда. Гьениб бергьенлъи босарав Исламие кино бахъиялъе гIарац щвана.

Пурусазул аби буго: *«Пагьму бугев чиясул сундулъго пагьму букIуна»*,- ян. Гьеб тасдикъ гьабула кино бахъиялъулъ, хъвадариялъулъ, Исламил ккарал церетIеяз ва гьесие щварал бергьенлъабаз. РакIалде ккола Исламие щвезе ругел бергьенлъаби жеги цере ругин, щай абуни, гьев жеги гIолохъанго вуго.

Бокьун буго, тIаде щвараб гьавураб къоги баркулаго (02.07.1990 с.), Исламие гьаризе щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ битIккей.

**_М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ_**

**_Спорт-инсанасул сахлъи_**

## «ХIинкъигьечIолъиялъул школа» къецал



25-28 июналда туристазул **«Гьудуллъи»** гIурдаллъиялда (**«Юрт»** участок), тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, тIоритIана республикаялъул даражаялъул къецал. Лъайкьеялъул учреждениябазда гьоркьор тIоритIарал гьел къецал гIуцIаразул мурадлъун букIана гIолеб гIел гIумруялда дандчIвалел захIмалъаби къезаризе, ОБЖялъулгун гIумруялъе хIинкъигьечIолъиялъул кьучIал абурал дарсазда щвараб лъай хIалтIизабизе ругьун гьари.

Республикаялъул гIелмабазул гьитIинаб академиялъгун МЧСалъул бетIераб Управлениялъ гIуцIарал гьел къецазда гIолилаз бихьизабуна жидее щвараб лъай хIалтIизабизе бажаригун махщел букIин. Гьенир гIахьаллъарал командабаз, авлахъалъул шартIазда рекъон, жидерго рукIа-рахьинги гIуцIун букIана.

**_Пресслужба_**

*Спорт - инсанасул сахлъи*

# Туристазулгун гIагараб ракь лъазабулезул фестиваль

***25-27 июналда нилъер районалда, тIадехун рехсараб цIаралда гъоркь, тIобитIана (туристазул «Гьудуллъи» гIурдаллъиялда, Юрт участок) фестиваль. Гьаб пандемиялъул заман букIиналде балагьичIого, гьай-гьай, гьелде дандечIеялъул къагIидабиги цIунун, гьенир гIезегIанго командаби гIахьаллъана.***

БатIи-батIиял номинациябазда тIоритIарал къецазда призалъулал бак1ал росана:

***«Эмен, эбел ва дун - туристазулаб хъизан»*** къецалда тIоцебесеб бакIалде бачIана МахIачхъалаялдаса ГIумаровазул хъизан, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал росана Учтюбеялдаса Вагьабовазул ва Гъизилюрталдаса МухIамадгъазиевазул хъизабаз.

**«Туризм»** къецалда тIоцебесеб бакI босана МахIачхъалаялъул лицеялъул командаялъ, кIиабилеб -гьенисаго № 33 гимназиялъулаз ва лъабабилеб – Гъизилюрт шагьаралъулаз.

***«ГIагараб ракь лъазабиялъул викторина»*** номинациялда бергьенлъи босана Дилималъул лицеялъул командаялъ, кIиабилеб бакIалде бачIана ЦIобокь - Миякьо росдал гьоркьохъеб школалъул команда ва лъабабилеб бакI щвана Кубаялъулазе.

**«Туристазулаб техника»** къецалда тIоцебеселъун ккана ЦIобокь-Миякьо росдал команда, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде рачIана - Ленинаулалъул №2 ва ГIахьвахъ росдал гьоркьохъел школазул командаби.

***«Художественнияб самодеятельность»*** къецазда тIоцебеселъун букIана ЦIияб ЧIикIаб росдал команда, кIиабилелъун ва лъабабилелъун – ЦIияб ЧIикIаса ва Гъизилюрт шагьаралъул № 9 гьоркьохъеб школалъул командаби.



***«Къадал казият»*** къецалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ***«Салатавиялъул турист»*** команда, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе - МахIачхъала ва Гъизилюрт шагьараздаса командаби.

МЧСалъул отделалъ тIобитIараб ***«ХIинкъигьечIолъиялъул школа»*** къецазда (гIисиназул группа) тIоцебеселъун букIана ЦIиябкулиялдаса команда, кIиабилелъун ва лъабабилелъун- ЦIияб ЧIикIаб росдал ва Гъизилюрт шагьаралъул командаби.

Гьел къецазул (чIахIиязул группа) бутIаялда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ЦIияб ЧIикIаб росулъа команда, кIиабилеб бакIалде бачIана ЦIияблак районалдаса команда ва лъабабилеб бакI босана Гъизилюрталъул № 9 школалъул командаялъ.

***«ЦIаккеялъул эстафета»*** къецалда (гIисиназул группа) тIоцебеселъун - ЦIиябкули, кIиабилелъун ЦIияб ЧIикIаб росабазул командаби рахъана ва лъаба билелъун Гъизилюрталъул № 9 школалъул команда букIана. Гьебго къецалда (чIахIиязул группа) ЦIияб ЧIикIаб росдал команда тIоцебеселъун бахъана, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде рачIана - Хасавюрт шагьаралъул ва Ленинаул росдал № 2 школалъул командаби.

***«ЧIагохутIиялъул маршрут»*** номинациялда (гIисиназул группа) тIоцебеселъун букIана ЦIияб ЧIикIаб росдал гьоркьохъеб школалъул команда, кIиабилелъун ва лъабабилелъун-Гъизилюрт шагьаралъул № 9 ва Ленинаул росдал №2 школазул командаби.

***«ТIадеиналъул карта»*** къецалда тIоцебесеб бакIалде бачIана ЦIияб ЧIикIаб росулъа команда, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе мустахIикълъана - Ленинаул росдал № 2 ва ГIахьвахъ районалъул командаби.

Киналниги къецазул хIасилазул хал гьабун хадусан, жюриялъул къотIи ккана тIоцебесеб бакIалъе Ленинаул росдал команда мустахIикълъараблъун рикIкIине, кIиабилебгун лъабабилеб бакIазе, ЦIобокь - Миякьо росдал ва Гъизилюрт шагьаралъул № 9 школалъул командаби мустахIикълъараллъун лъазаризе.

Призалъул бакIал росарал гьенир кIодо гьаруна кубоказдалъун, дипломаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.

**И. БУЛАТХАНОВ**

*27 июнь- Россиялъул гIолилазул къо*

# ГIолилазул къоялда хурхун…



Дагьал цереге гIан къояз, Россиялъул гIолилазул къоялда хурхун, туристазул «Гьудуллъи» гIурдаллъиялда (юрт участок) тIобитIана гIолилазул спортивияб фестиваль. Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул, гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул ва районалъул гIолилазул парламенталъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда гIезегIанго гIолохъаби гIахьаллъана.

Лъала, гьединал тадбираз гIолилазда гьоркьор бухьенал щула гьарулеблъи, гьудул-гьалмагълъиялде гьел цIалеблъи ва гьарулел ишазулъ гIахьаллъизе гьезул гъира базабулеблъи. Гьединал тадбиразул цояблъун букIанин абизе бегьула тIадехун рехсараб тадбирги.

Гьенир тIоритIана армспорталъул, халалъуде кIанцIиялъул, гамачI рехиялъул, дандчIвалел квекIенал къезариялъул мухъалдасан иналъул ва цогидалги къецал.

Призалъулал бакIал росаразе гьенир кьуна, районалъул администрациялъул ва спонсоразул рахъалдасан, дипломал, медалал ва гIарцулал шапакъатал.

**И. БУЛАТХАНОВ**

# ЦIаккеялдаса цIуни мурадалда…



Нилъеда лъала, хасго багIарараб ва цIадал дагь ралеб заманалда рохьазда цIаккеялъул хIинкъи гIемерго цIикIкIунеблъи. Нилъер районалда гIезегIанго рохьал руго, арал соназ бакI-бакIазул рохьазда цIаял ккана (Дубки, Гебехъала) ва гьел свинаризе хIажалъана техника, гIезегIанаб къадар гIадамазул ва заман. Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, РФялъул рохьил Кодексалъул 53.5 статьялда ва республикаялъул рохьазул Комитеталъул бихьизабиялда рекъон, нилъер рес публикаялда лъазабун буго цIаккеялъе 4-аб. классалъул хIинкъи букIин.

Гьелъ, заманалъ гьукъун буго рохьазде гIадамалгун техника хьвади.

ЦIаккеялдаса цIуни мурадалда, гьеб жидеде кколел гIуцIабазда чIезабун буго дежурство, бакI-бакIазда лъун руго халкквеялъул пунктал, гьединго, рахъ-рахъазда чIезарун руго рохьал цIаялдаса цIуниялъе гьаризе кколел тадбирал хъварал игIланал ва гь. ц.

**ХIурматиял районцоял!**

Рохьал ккола нилъер бечелъи. Гьезул нилъее бугеб пайдаялъул бицине хIал гIоларо. Гьарула нужеда нилъерго рохьал цIаккеялдаса цIунеян. ЦIаккечIого букIин цIикIкIунисеб заманалда гIадамазда бараблъун букIуна.

ЦIуне нужго ва рохьал!

**Казбек рохьихъанлъи**

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Администрация пос. Дубки объявляет открытый конкурс по отбору УК (управляющей компании) по управлению МКД (многоквартирными домами) пос. Дубки в соответствии с ч.4.1 ст 161 ЖК РФ.

**А.К.АБАКАРОВ, глава администрации п. Дубки**

Районалъул культураялъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Зияродин ГIамиевасда ва тIолалго гIага - божаразда, яс

**ГIайна**

гIумруялдаса ятIалъиялда бан.

Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги.


*БетIерав редактор:*
И.Б.Салимханов
**55-48-94**
*Заместитель:*
Д.ХI. ГIабдулахIитова
*Жавабияв секретарь:*
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова
**Набор:** Меседо ХIайбаева
**Верстка:**
Марям АтавхIажиева,
Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес:
367032, РД МахIачхъала шагьар
Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1130, багьа - эркенаб

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*